


BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu leuwih nyoko kana kualitas atawa hal penting tina sipat hiji barang atawa jasa (Satori, 2009, kc. 22). Panalungtikan kualitatif dirancang pikeun méré sumbangan kana tiori, prakték, kawijakan, masalah-masalah sosial, jeung tindakan. Pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu hadé, dibutuhkeun sababaraha sarat anu kudu ditedunan, ti mimiti sarat data, cara atawa téhnik néangan data, ngolah data, jeung nganalisis data.

Désain panalungtikan nyaéta rencana anu nuduhkeun gambaran umum ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun (Arikunto, 2010, kc. 175). Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab. Dina ieu panalungtikan, panalungtik miboga peran salaku instrumén utama dina ngumpulkeun data. Désain panalungtikan pikeun analisis implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta subyék anu jadi tempat asalna data (Arikunto,2010, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta vidio Ngabodor Nyorangan tina channel *youtube* “Borangan Inewstv”. *Youtube* mangrupa situs wéb vidio *sharing* nu dijieun ku Chad Hurley, Steven Chen jeung Jawed Karim dina Februari 2005 (Wikipedia). *Youtube* mangrupa sarana pikeun nongton, ngunggah jeung ngunduh

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

klip sacara gratis. Anapon nu jadi tinimbangan dipakéna *youtube* minangka sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta faktor éféktifitas. *Youtube* geus jadi situs wéb anu *hits* di masarakat sarta gampang dina ngaksésna. Vidio anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta 25 vidio, anu ngawengku:

1. *Comic* “Abah Ganjar” épisode 173 durasi 05.08
2. *Comic* “Abah Ganjar” épisode 181 durasi 06.23
3. *Comic* “Adang Béndo” épisode 182 durasi 04.35
4. *Comic* “Adang Béndo” épisode 260 durasi 06.28
5. *Comic* “Aep Bancét” épisode 264 durasi 07.09
6. *Comic* “Aep Bancét” épisode 268 durasi 07.08
7. *Comic* “Asep Truna” épisode 107 durasi 07.21
8. *Comic* “Asep Truna” épisode 256 durasi 07.28
9. *Comic* “Ceu Popon” épisode 173 durasi 05.05
10. *Comic* “Ceu Popon” épisode 253 durasi 07.33
11. *Comic* “Gusman” épisode 262 durasi 07.18
12. *Comic* “Gondo” épisode 171 durasi 06.57
13. *Comic* “Ko Yaya” épisode 256 durasi 07.12
14. *Comic* “Ko Yaya” épisode 273 durasi 07.47
15. *Comic* “Ma Nur” épisode 93 durasi 05.14
16. *Comic* “Mr.Jun” épisode 268 durasi 06.54
17. *Comic* “Mr.Jun” épisode 273 durasi 07.47
18. *Comic* “Oyik Borélak” épisode 174 durasi 05.41
19. *Comic* “Oyik Borélak” épisode 269 durasi 07.03
20. *Comic* “Redi Délu” épisode 266 durasi 06.02
21. *Comic* “Riswá Dalang” épisode 258 durasi 06.23
22. *Comic* “Riswá Dalang” épisode 92 durasi 05.07
23. *Comic* “Taufik Faturohman” épisode 253 durasi 08.16
24. *Comic* “Taufik Faturohman” épisode 264 durasi 07.51
25. *Comic* “Zaénal” épisode 251 durasi 06.22

Data dina ieu panalungtikan mangrupa omongan *comic* dina wacana Ngabodor Nyorangan anu ngandung implikatur.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat bantu pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan hasilna lengkep jeung sistematis. Ari Sugiyono (2012, kc. 148) ngébréhkeun instrumén panalungtikan nyaéta alat pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial anu

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditalungtik. Instrumén diperlukeun pikeun ngajaring data. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dina ieu panalungtikan boga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Tujuanna sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data sarta nyieun kacindekan. Dina kartu data aya sababaraha informasi, nyaéta: (1) catetan data omongan; (2) kodeu data, anu ngawengku inisial ngaran *comic*, épisode, jeung nomor implikatur; (3) komponén analisis anu ngawengku wujud, sipat jeung wujud implikatur; sarta (4) maksud omongan.

Omongan :	
.....	
.....	
..... (inisial ngaran <i>comic</i> /épisodeu/nomor implikatur)	
Analisis	
Wanda
Sipat
Wujud
Maksud Omongan :	
.....	

Conto:

Omongan :	
Komo abi dinten ieu nganggo acuk konéng, sanés partéy. Abi téh ayeuna nuju miyuni Spongebob. (CP/174/01)	
Analisis	
Wanda	Konvénsional
Sipat	Daya Batal
Wujud	Wawaran
Maksud Omongan : Ceu Popon (CP) nalika keur maké baju warna konéng, lain ciri manéhna ngabéla partéy pulitik Indonésia (Golkar).	

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Métodeu ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu ngaregekeun kalayan téhnik anu digunakeuna nyaéta téhnik *simak bebas libat cakap* jeung téhnik nyatet. Nurutkeun Mahsun (2015, kc. 93), panalungtik miboga peran salaku panalungtik ngeunaan basa nu dipaké ku informan wungkul, hartina teu ilubiung dina prosés komunikasi langsung. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngaregepkeun omongan ti unggal *comic* wungkul. Téhnik nyatet mangrupa téhnik lanjutan ti téhnik *simak bebas libat cakap*. Téhnik nyatet mangrupa nyatet hal nu rélevan pikeun panalungtikan tina basa sacara tinulis (Mahsun, 2015, kc. 94).

Panalungtik nyatet omongan nu ngandung implikatur kana kartu data. Prosés ngumpulkeun data diayakeun sababaraha balikan sangkan moal aya data implikatur nu kaliwat.

Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana ngawengku opat hal:

- a. milih vidio Ngabodor Nyorangan dina *youtube* tuluy diunduh;
- b. ngaregepkeun vidio Ngabodor Nyorangan anu geus diunduh;
- c. nyirian implikatur nu aya dina wacana; jeung
- d. nyalin data implikatur kana kartu data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik analisis data mangrupa upaya dina ngelompokkeun data (Mahsun, 2015, kc. 253). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*) nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana Hockett (dina Sudaryat, 2003, kc. 30). Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku dalapan hal:

- a. mariksa deui data implikatur omongan *comic* Borangan anu geus dikumpulkeun;
- b. ngagundukkeun data implikatur omongan implikatur omongan *comic* Borangan per *comic*;
- c. nyieun papasingan implikatur omongan *comic* Borangan dumasar kana wanda, sipat, jeung wujudna;

- d. analisis wanda, sipat jeung wujud implikatur nu aya dina wacana;
- e. ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis;
- f. ngayakeun interprétasi data atawa napsirkeun data;
- g. nyusun bahan pangajaran biantara dumasar déskripsi implikatur omongan *comic* Borangan; jeung
- h. nyindekkeun hasil panalungtikan.